ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№90 (23.248) • 2016 гъэм накъыгъэм (майм) и 14, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Лэжьыгъэ зэфІахамкІэ арэзыщ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ республикэм и щІыналъэхэм щыІащ, социальнэ Іуэхущ1апІэ зыбжанэм я щытыкІэр къипщытэу.

КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и министр Къумахуэ Мухьэдин щІыгъуу, республикэм и Іэтащхьэр Аруан районым щыІащ. Псынабэ къуажэм ахэр щеплъащ щІэрыщІэу къыдэІуахьжа Щэнхабзэмкіэ гунэм. 1988 гъэм нуэху Іуэхущ1апІэр куэд щІауэ зэгъэпэщыжьын хуейкэм яцІыщти, илъэсиІтІым и кІуэцІкІэ ар иджырей мардэм тету зэфІагъэувэжащ. Абы текІуэдащ псори зэхэту сом мелуан 40-м щІигъу. Абы щыщу сом мелуан 37,6-р федеральнэ ахъшэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым сом мелуани 7,2-рэ къыхэкІащ. Аруан районым и Іэтащхьэм и къуэдзэ Щоджэн Риммэ къызэрыхигъэщамкІэ, ухуэныгъэм елэжьащ «Урысей Федерацэм щІыхьей къыщІыхьу и щІыпІэхэм я Іуэхущ1апІэ нэхъыщхьэхэмрэ псэупІэхэмрэ егъэфІэкІуэн» къэрал программэм хиубыдэу.

Унэм езым щхьэхуэу котельнэ иІэщ, концерт пэшыр щыху 300-м тещІыхьащ, спорткомплексрэ библиотекэрэ хэтщ, гупжьей зэхуэмыдэхэр щыІэжьэну пэшхэр щхьэхуэщ.

- ИкъукІэ ди гуапэщ мыпхуэдэ унэ дахэ ди къуажэм къыщызэІутхыжьыну. Мыбдеж щыхухэр махуэшхуэхэм теухуауэ къыщыдзэхуэтщ1эжьыну нэмыщІауэ, нэхъыщхьэу дыззлэжьынур къуажэдэсхэм я зэманыр купщІафІэу зэрагъэкІуэнырщ, - жиІащ Щэнхабзэмкіэ унэм и унафэщІ Индэрокъуэ Аминэ, упщІэкІэ зыщыхуэдгъаззм. - Лъэпкъ къафэхэм, дыщэидзм, зэІущэкІэм, нэгъуэщІхэми щыхуэдгъэсэну ди мурадщ, щІалэ цІыкІухэр щызэхуэсыфынущ спорткомплексым. КъыхэзгъащІунут, щыджэгу пэшырэ спортым зыщыхуэгъасэмрэ зэрыщІыхьэхэр. Щэнхабзэмкіэ унэм и макъамэ Іэмэпсымэхэр щІэкІэ зэтхуэкІащ, уеблэмэ фильмхэр мыбдеж щыдгъэлъэгъуэну зэфІэкІ диІэ хуэщ.

Щэнхабзэмкіэ унэм и пщІантІэм дэтщ жьилэм и зыужьынигъэм хэлъхьэныгъэ хуэзэщІа цІыху 93-м я цІэ-унэцІхэр зытетха фэеплъ мывэри. КЪБР-м и Іэтащхьэр спортымкІэ пэшым щыщІыхьам, абы боксымкІэ ныбжьыщІэхэм зыщагъасэу ирихьэлІащ. КІуэкІуэ Юрий щІэупщІащ зыхуеину Іэмэпсымэхэмкіэ ахэр къызэрызэгъэпэщам, иужькІэ спортсмен ныбжьыщІэхэм я гъусэу сурэт зытригъэхащ. Щэнхабзэмкіэ унэм хэт библиотекэм щІыхь къызэрыришэлІэфыну щІыкІэмрэ абы Іуэхуэгъэ щхьэхуэхэм теухуа пшыхьэхэр зэрыщрагъэкІуэкІынумрэ Іэтащхьэр щыщІэупщІэм, Аруан районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Куэшей Азэмэт къыхигъэщащ къуажэм дэс цІыху 1700-м щыщу 130-р зэрыеджакІуэр, ахэр щэнхабзэмрэ спортымрэ дегъэхьэхьным зэрахуэзэфІэкІкІэ яужь зэритынур.

КЪБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщащ Іуэхущ1апІэм щызэфІагъэкІа лэжьыгъэм арэзы зэрищІар, ауэ къуажэм и зэІузэпэщынигъэм иджыри елэжьын зэрыхуэейр, псом хуэмыдэу гъэзгъэн.

Май къалэм фокІадэм къыщызэІуахыну «Умка» сабий гъэсапІэм КЪБР-м и Іэтащхьэм зыщцлпІыхьащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ министр Емуз Нинэ, ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэхэмкіэ министр Тутыкъу Анзор, Май районым и администрацэм и Іэтащхьэ Шагин Сергей сымэ и гъусэу.

Сабий гъэсапІэм ныбжьыщІэу 80 щІэхуэнущ, ятІэ къатыр зи узынщагъэм сэкъат иІэхэм тещІыхьауэ щытынущ. КІуэкІуэ Юрий уухуакІуэхэм фІыщІэ яхуищащ сабий гъэсапІэр и зэманым ирихьэлІэу зэрауэрым папщІэ. «ГъэсапІэм и пщІантІэр щхьуантІагъэкІэ гъэдэхэн хуейщ, цІыкІуэхэм зыщапІтьыхьын, зыщагъэпсэхун яІэн хуэдэу. Сыщогугъ мы гъэсапІэр ди сабийхэм тыншыпІэ яхуэхьуну. Унэм и теплъэр ебгъэфакІуэр зыщ, ауэ абы гъэсэныгъэ щІэмыпкъэ зырикІ. Абы къэзкІыу сыхуейт ди щІэблэр щыпкъэу зэрыщІэхьуну. ЗэрыжаІэу, псалъэр дгъэмащІэу, лэжьыгъэкІэ Іуэхур дгъэнщІыфу щытын хуейщ. Сыныбохьуэхьу уухуэныгъэм екъуІэныгъэфІхэр къыфхудзкІуэну», - жиІащ КІуэкІуэ Юрий.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Хэхыныгъэ-2016



«Урысей зэкъуэтым» и щІыналъэ къудамэм и хьэщІэхэр

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и Гъэзэщ1акІэр комитетым «Урысей зэкъуэт» партым и щІыналъэ къудамэм и политсоветым и президиумым хэтхэр щахуэзащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм Лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ и комитетым и унафэщІ, «Урысей зэкъуэтым» и кавказ щІыналъэ зэзыгъэуІу советым и унафэщІ, пэублэ хэхыныгъэхэр егъэкІуэкІыныжкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэт Сафарлиев Гаджимет, партым и ЦИК-м щІыналъэхэм ядэлэжьэныжкІэ и управленэм Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округымкІэ и департаментым и унафэщІ Чугреев Андрей сымэ.

ЗэІущІэм кърихьэлІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ, партым и щІыналъэ къудамэм и секретарь, пэублэ хэхыныгъэхэр егъэкІуэкІыныжкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэ Бозий Натбий, «Урысей зэкъуэт» партым и щІыналъэ къудамэм и секретарым и ялэ къуэдзэ, КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщІ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, «Урысей зэкъуэт» партым и щІыналъэ къудамэм и секретарым и къуэдзэ, КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Битокъуэ Владимир, партым и щІыналъэ къудамэм и секретарым и къуэдзэ, партым и щІыналъэ къудамэм и гъэзэщ1акІуэ комитетым и унафэщІ Парафилов Дмитрий сымэ.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ Къэрал Думэм и еблэнэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатхэм я списокэм хагъэхьэныжьэ къыхахын папщІэ пэублэ Іэлэтым зэрызыхуагъэхьэзырамрэ ар зэрырагъэкІуэкІымрэ. Хэхауэ къагъэлъэгъуащ мы лэжьыгъэр тэмэму екІуэкІын папщІэ зыхуэфащэ Іэмал псори къызэгъэпэщын зэрыхуейм.

ПЕЧОНОВ Владилен.

● Студент гъащІэ

Гъатхэм, щІалэгъуэм, лъагъуныгъэм я махуэшхуэ

Хабзэ хъуащи, илъэс куэд лъандэрэ КЪБКъУ-м щокІуэкІ «Студент гъатхэ» фестиваль-зэпеуэр. Мы гъэми студентхэр жыджэру хэтащ гъатхэм, щІалэгъуэм, лъагъуныгъэм хуэгъэпса зэхьыхьэхэм. Университетым и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ Хьэжы Заринэ хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, зэпеуэм нэхъыфІу къыщалъыта зыкъэзгъэлъэгъуэныгъэхэр зыхэт концертышхуэ иджыблагъэ щызэхашащ еджапІэ нэхъыщхьэм.

МАХУЭШХУЭ концертыр къызэІуихащ университетым и ректор Альтуд Юрий. «Студент гъатхэ - 2016» зэпеуэр екІуу, къызыхуэтынщэу зэрекІуэкІамкІэ егъэджакІуэхэмрэ студентхэмрэ ехъуэхъуащ ар.

- Фестивалым наІуэ къищІащ ди еджапІэ нэхъыщхьэм и цІэкІэ утыкушхуэм ибгъэхьэ хъуну гупыфІ дызэриІэр, - къыхигъэщащ Альтудым. - А щІалэгъуалэр Хьэзан дгъэкІуэнущ, абы щекІуэкІыну «Урысейпсо студент гъатхэ - 2016»-м хэтыну. ЕхъулІэныгъэ зыІэрагъэхьэну дохъуэхъу абыхэм!

Псом ялэ зи цІэ къраІуахэм ящыщщ спорт лигэхэм, куратор ныбжьыщІэхэм я школым, суэрткІэ зэпеуэм, «Сыт? Дэнэ? Дапщэщ?» зэхьэзэхуэмрэ пашэ щыхуэхэм. Ректорым абыхэм яритащ зэпеуэхэм зэрыхэтамкІэ сертификатхэмрэ щІыхь тхылъхэмрэ. Адэкіэ Іэтауэ ягъэлъэпІащ мыгъэрей «Студент гъатхэ - 2016» фестиваль-зэпеуэм щытекІуахэмрэ абы и лауреат хъуахэмрэ: ялэ увыпІэр къэзыхьа Правэмкіэ, экономикэмрэ финансхэмкіэ институтыр, етІуанэр зыхуагъэфэща медицинэ факультетыр, ещанэ увыпІэр зылъыса медицинэ колледжыр.

Студентхэм я концертышхуэр гукъинэу екІуэкІащ.

КЪАРДЭН Маритэ.

■ ЗэІущІэхэр ■ Хъыбарыщ1эхэр

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Фэеплъ ■ Матьхъэдис

ЗэІущІэр бизнесымрэ къэралымрэ я зэдэлэжьэкІэм траухуэ

● КИФЩІ

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и Іуэхущ1апІэу Пятигорск къалэм дэтым щызэхэтащ Урысейм и промышленникхэмрэ хъэрычэтыщІэхэмрэ я союзым и къудамэхэм я ЗэзыгъэуІу советым и япэ зэІущІэр. Ар ирагъэкІуэкІащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэ Меликов Сергейрэ Урысейм и промышленникхэмрэ хъэрычэтыщІэхэмрэ я союзым и президент Шохин Александррэ.

ЗЭІУЩІЭМ кърихьэлІащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым, УФ-м Кавказ Ищхьэрэм и министерствэм я лэжьакІуэхэр, округым хихьэ щІыналъэхэм я къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэмрэ Урысейм и промышленникхэмрэ хъэрычэтыщІэхэмрэ я союзым и къудамэу а щІыналъэхэм щІэхэмрэ я унафэщІхэр.

Псалъэмакъыр зытеухуауэ щытар Урысейм и промышленникхэмрэ хъэрычэтыщІэхэмрэ я союзым и къудамэхэм я ЗэзыгъэуІу совет Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым къыщызэгъэпэщыныгъ, ар зэрылэжьэну планыр убзыхуныгъ, апхуэдэу округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и Іуэху нэхъыщхьэхэм хэплъэныгъ.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэ Меликов Сергей къыхигъэщ1ахуэкІащ мы зэІущІэм и къалэн нэхъыщхьэр Урысейм и Президент Путин Владимир къигъэува къалэнхэр гъэзэщІэныжьмкІэ хэкІыпІэхэр къызэгъэпэщыныр арауэ зэрыщытыр. Полномочнэ лІыкІуэм къызэрилъытэмкІэ, ЗэзыгъэуІу советым и къалэнщ хъэрычэт лэжьыгъэ округым щегъэкІуэкІыныжкІэ зыхуеину Іэмалхэр зэтегъэувээным зэпымыууэ егупуну.

«Мыпхуэдэ советхэр адрей федеральнэ округхэм зэрыщылажьэм ущыхэлпІэкІэ гурыІуэгъуэ къыпщохъу бизнесымрэ къэралымрэ тэмэму зэдэлэжьэным пыщІа Іуэхуэхэр дэгъэкІыныжкІэ ЗэзыгъэуІу советхэр дэІепыкъуэгъуэшхуэ зэрыхъур», - къигъэлъэгъуащ Меликов Сергей.

Урысейм и промышленникхэмрэ хъэрычэтыщІэхэмрэ я союзым и президент Шохин Александр къыщыпсалъэм къыхигъэщъхьэкІащ ЗэзыгъэуІу советыр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэ зэрыщыщІэзарагъэпэщыр полномочнэ лІыкІуэм и аппаратыр, УФ-м Кавказ Ищхьэрэм и Іуэхуэхмкіэ и министерствэр, щІыналъэм и хъэрычэтыщІэхэр зэрыщІамкІэ зэрызэдзлажьэмрэ егъэфІэкІуэныжкІэ сэбэпышхуэ хъуну къызэрилъытэр.

ЗэІущІэм къыщащтащ ЗэзыгъэуІу советым теухуа Положенэр, советым хыхьэжр. Урысейм и промышленникхэмрэ хъэрычэтыщІэхэмрэ я союзым и къудамэхэм я ЗэзыгъэуІу советым и унафэщІу хахаІ «Арнест» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и унафэщІхэм я советым и тхьэмадэ Гурьянов Владимир.

КРАПИВИНЭ Викторие.

● Гу зылъытапхъэ

Дэтхэнэ зыми дыволъэІу

КЪБР-м Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымкіэ, социальнэ дэІепыкъуныгъэмкіэ и министерствэм накъыгъэм и 17-м сыхьэти 9-17-хэм къриубыдэу дэтхэнэ зыри псалъэ хъунущ сабийхэр гъэсэным, зыхуей хуэзгъэзэным теухуауэ. Абыхэм жуэп къратынущ министерствэм и Іэщ1агъэлІэхэмрэ а махуэм кърагъэблэгъэну психологхэмрэ.

ДИ ЩІЭБЛЭМ и нобэмрэ и къэкІуэнумрэ игъэпІейтей псоми дыныволъэІу сабийхэм лей къаэзрытехьэм е абыхэм ящыщхэм школым зэрымыкІуэм фыщыгъуазэмэ, хъыбар дывгъэщІэну. Апхуэдэу фи бынхэмрэ фэрэ фяку зэгурымыІуэныгъэ гуэрхэр щыхэдгъэхуамэ, абыкІи зыхуэфащэ чэнджэщхэр вгъэзытынущ.

А махуэм балигъхэм къадэкІуэу 8-800-2000-122 телефонымкІэ министерствэм къэпсалъэ хъунущ сабийхэр.

ГЪУКІАКЪУЭ Инал.

● Телъыджэ

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Ислъэмей» - уасэ зимыІэ хъугъуэфІыгъуэ

Адыгэ Республикэм лъэпкъ уэрэдэхэмкІэ «Ислъэмей» къэрал ансамблыр къызэрыгъэпэщ1ащ иджыблагъэ илъэс 25-рэ зэрырикъуам и щыхьхкІэ, махуэку кІуам концерт дахэ КЪБР-м и къалащхьэ Налшык щекІуэкІащ.

ЛЪЭПКЪЫМ и Іуэрыіуатэ-макъамэ гъуазджэр илъэс 25-рэ хъуауэ екІуу утыку къызыхъэ гупыр ди къуэш республикэм и мызакъуэу, дунейм адыгэу тетым я напщІэ тельщ. Макъамэ Іэмэпсымэмрэ уэрэджьакІуэ макъ жьгъырымрэ щызэщІэжьэуэ утыкум адыгэ къафэр щызыгъэзащІэ пщащэхэмрэ щІалэхэмрэ къыщыхьхьэжкІэ гур хегъахъэуэри, псэр егъэушэф. Апхуэдэу Іэгуаеу инхэр мы гупым щыхуаІэтащ щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм. ПІэщІыгъуэ пІанэм къриубыдэу ахэр щыІащ Тыркум, Израильым, Польшэм, Италием, Йорданием, Сириеи, Урысейм и хэгъуэгу куэдым.

Налшыки фІыуэ ильэгъуащ «Ислъэмейр». Адыгэм ижь-ижьыж лъандэрэ къыдекІуэкІ лъэпкъ гъуазджэм и купщІэ нэхъыщхьэ дыдэр яхуэмэу, абы нэхъри зрагъэжьу ди цІыхубэм зэрыхуэупсэрщ абыхэм я пщІэр зыІэтыр.

Утыкум ит артист зэчиифІэхэм я уэрэд жьІэкІэм, пшынэ еуэкІэм ущедаІуэкІэ, я къафэхэм ущеплъкІэ, апхуэдиз макъамэ тельыджэр къэзыгъэщІ композитор Нэхей Аслъэнджэрий и талантым и кууагъыр умыгъэщІэгъуэн пльэкІыркъым. Макъамэ унэтІныныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ гъэпсыкІэ хэхахэмрэ къиГъэсэбэн пэтми, адыгэ уэрэдыжьым и купщІэр къонэж. Апхуэдэ зэфІэкІ бгъэдэльщ «Ислъэмей» ансамблым и къыщІэпэщакІуэ, художественнэ унафэщІ, композитор, Урысей Федерацэм, Адыгэ Республикэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я цІыхубэ артист, Кубанымрэ Абхъазымрэ гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, Урысейми Адыгеими я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, «Адыгейм и Щ1ыхь» медальр зыхуагъэфэща Нэхей Аслъэнджэрий Къасым и къуэм.

КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** пшыхьыр къыщІэзІуихым жиІащ Адыгэ Республикэм и псэкупсэ хъугъуэфІыгъуэр зыгъэщІэращІэ, зыхуэдэ щымыІэ ансамблым къызэринэкІа илъэс 25-м ди лъэпкъ гъуазджэр хъумэным, зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ иІэ зэрыхуищІар, лъэпкъ уэрэдыжьхэр лъэпкъ макъамэ Іэмэпсымэхэм къраГъэкІыу цІыхубэм зэрыхуэлажьэм абы и пщІэр ину зэриІэтар.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** ансамблым и махуэшхуэмкІэ екъуэхъури, ДАХ-м «Адыгэхэм (Шэрджэсхэм) я лъэпкъ хъугъуэфІыгъуэ» цІэ лъапІэр «Ислъэмейм» зэрыфІищыр жиІащ икІи ансамблым лъэпкъ гъуазджэм зегъэужьыным, дунейпсо щэнхабзэ зэпыщІэныгъэр егъэфІэкІуэным хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэм папщІэ Щыхьэт тхылъыр Нэхейм иритыжащ.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфІыщІэ Мухьэмэдрэ** композитор щІэрыІуэ **ХьэІуп Джэбрэилрэ** жаІащ «Ислъэмейм» хуэдэ ансамбль Кавказ Ищхьэрэми Урысейми зэрыщымыІэр, абы и зэфІэкІыр зэрыиныр.

Репертуар кІуплІ иІэщ «Ислъэмейм». Композитор щІэрыІуэхэу Хьэлупэ Джэбрэилрэ Нэхей Аслъэнджэрийрэ я Іэдакъэщ1экІхэр лъэпкъым уасэ зимыІэ хъугъуэфІыгъуэ хуэхъуащ, апхуэдэу пшыхьым къыщыІуащ цІыхубэ тхакІуэ Мэшбашіэ Исхьэкъ и псалъэхэр зыщІэлъ уэрэдхэр, «Хьэгъуэджьм и зэфакІу» симфониер, «Гъащ1эгъагъ и гъыбзэр», «Хьэтхьм и къуэ кІасэр», нэгъуэщІ лэжьыгъэ телъыджэхэри. А псори дахэу утыку къызыхьэ артистхэрщ «Ислъэмейм» и фІагъыр зыхэлъыр.

Зыхуэбгъадэ хъун щымыІэ, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ, Адыгэ Республикэм и цІыхубэ артисткэ Хьуакіуэ Сусаннэ, АР-м щІыхь зиІэ и артисткэ, Шэзышэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Агъыржанокъуэ Саниет, АР-м щІыхь зиІэ и артисткэ Дыгъужь Асиет, артисткэу Къумыкъу Шамсудин, Щамырзэ Къазбэч, Уджыхъу Руслан, Мэшбашіэ Саидэ, Дер Абир сымэщ уэрэдым псэ хэзылъхьэр, пшынауэ Іэзэхэу Лъэцэр Светланэ, Мышэ Анзаур хуэдэхэрщ адыгэ макъамэр дунейпсо музыкэ гъуазджэм нэзыгъэсар. Макъамэ кърагъэкІыу, уэрэд жаІэу, къафэу утыку ита дэтхэнэ зыми фІыщІэ ин хуэфащэщ.

Уэрэдымрэ къафэмрэ щызэхэуухуэна пшыхьыр къызэхуэса псоми ягу зэрырихьам, зэригъэгушхуам шэч хэлъкъым. Ар щыхьэт техьуэрт адыгэр игъащІэкІи дунейм зэрытетыным, нэгъуэщІ лъэпкъэм зэрахэмышыпсыхьыжыным.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Жылэхьэж Артур Москва щагъэлъапІэ

ЦІыхухэм социальнэ Іуэхутхьэбзэкэр яхуэщІэныжкІэ Тэрч муниципальнэ районым и комплекс центрым и унафэщІ Жылэхьэж Артур хэтащ социальнэ лэжьакІуэхэмрэ социальнэ педагогхэмрэ я къэралыгъэ Іуэхущ1ахэм.

«СОЦИАЛЬНЭ лэжьыгъэр илъэс 25-рэ ирокъу: дыгъуасэ, нобэ, пщэдей» зыфІаща икІи социальнэ Іэнатіэм, жылагъуэ, псапащІэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэу 1200-м щІигъу щызэхуэса я зэхьэзэщхуэр иджыблагъэ Москва къалэм щекІуэкІащ. Ар къызэрагъэпэщащ «Социальнэ педагогхэмрэ социальнэ лэжьакІуэхэмрэ я урысейпсо жылагъуэ союз» зэгухьэныгъэм, УФ-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІепыкъуныгъэмкІэ и министерствэм, Москва къалэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІепыкъуныгъэмкІэ и департаментым. Абыхэм Іуэхур къыдаІыгъащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо партым, УФ-м и Жылагъуэ палатэм, Москва и Правительствэм, Урысейм Мамыры гъэмкІэ и фондым, Урыс православнэ члисэм, Урысей къэрал университетым сабий дахэухахэм защІэгъэкъуэнымкІэ и фондым.

Гупиблу гуэшауэ делегатхэр Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэм ятеухуауэ зэчэнджэщащ. Жылэхьэж Артур къызэрыджиІэжамкІэ, ар хэтащ Урысей Федерацэм и цІыхухэм социальнэ Іуэхутхьэбзэкэр яхуэщІэныжкІэ хабзэ нэхъыщхьэм щытепсэльыхьа гупым. 2012 гъэм дыгъуасэм и 28-м къащта я законыр сэбэпышхуэ хъуащ къэралым социальнэ лэжьыгъэм зыщІегъэужьыныжкІэ. Ауэ, къэпсалъэхэм зэрыжаІамкІэ, абы щыщІыгъужьи хуейкэр мащІэкъым, зэхъуэжьыныгъэ пыухыкІахэри хэлъхьэпхъащ.

Жылэхьэж Артур зэІущІэм къыщратащ Сьэздым зэрыхэтамкІэ сертификатымрэ «Социальнэ лэжьыгъэр илъэс 25-рэ ирокъу» юбилей медальымрэ.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

● Гуфіэгъуэ зэхыхьэхэр

Махуэшхуэм и щІыхькІэ

Хэку зауэшхуэм къыщыхъа ТекІуэныгъэр илъэс 71-рэ зэрырикъум хуагъэхьэзыра гуфІэгъуэ Іуэхугъуэхэр Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм «Полк уахътыншэ» акцэмкІэ щаублащ. ТекІуэныгъэр кьытхуэзыхьа я лІыхъужьхэр дэтхэнэ унагъуэми а махуэм ягу кьыщагъэкІыжащ.

ХэКУ зауэшхуэм и фронтхэм щызэуа, тылым щылэжьа я адэхэм, адэзыуэхэм я сурэтхэр яІыгъуу, абыхэм я фэеплъым иригушхуэу икІи пщІэ хуащІу властым и щІыпІэ органхэм, лэжьакІуэ гупхэм, жылагъуэ организацхэм я лІыкІуэрэ еджакІуэу миным щІигъу Шэджэм якьалэм и уэрам нэхъыщхьэм зэуІуу ирикІуащ, пэкІу ирагъэкІуакІащ, зэкІуэдаж я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

А щыпІэм акцэм къыщыхьыхьащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэмрэ тылым щылажьахэмрэ.

Дэтхэнэми дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ махуэ лъапІэмкІэ зэхуэсахэм ехъэхъуащ Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ ТекІушэ Артур:

- ТекІуэныгъэмрэ мамырыгъэмрэ уасэшхуэ щІэттащ. Зы унагъуи диІэкъым а зауэ шынагъуэм и мафІэм имылыщІауэ. Шэджэм щІыналъэм и къуэрэ ипхъуу минихым щІигъу фронтым кІуати, я зэхуэдитІым щІигъум къагъэззэкакъым. Зэрахьа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщІэ, дг заузлІ 850-м къэрал дамыгъэхэр къыхуагъэфэщащ, - жиІащ абы. - Къэралым и тыдэм напэкІуэцІ щхьэхуэ хатхащ Совет Соэзым и Лыхъужь ди зэкъуагъуэзу КъуэнакъуэИ Назирэ Байсултанов Алимрэ. ЗэуапІэ губгъуэм икІуэдахэм, къэзыгъэзэжу ягъуэта уІэгъэм ихьахэм, ди нобэм къэмысахэм я фэеплъыр уахътыншэщ. Хуей хъумэ, абыхэм я лІыгъэм хуэфащэу, щІэблэм Хэкур зэрахьумэжынур си фІэщ мэхъу. Ди ветеранхэми, тылым щылэжьахэми ТекІуэныгъэ Иным и махуэмкІэ си гум кьыбгъэдэкІыу сынывохьэхъу!

Апхуэдэ псалъэкІэ пэкІум хэтхэм зыхуаГьэзащ Шэджэм къалэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Мэкъуауэ Леонид, районым и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Іэрыпщэ Борис, щІыналъэм и дзэ комиссар Мысрокъуэ Ахьмэд, лэжьыгъэм и ветеран Шакъ Хьэсэн сымэ.

Къызэхуэсахэр хэкІуэдахэм дакъикъэкІэ хуэщыгъуащ, МафІэ мыужьыхьым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

ИужькІэ Щэнхабзэмкіэ унэм гуфІэгъуэ Іуэхугъуэхэм щыпащащ, театр щІыкІэу ГъэпсА теплъэгъуэхэм ирагъэплъащ, зауэ лъэхъэнэм яуса уэрэдхэр жаІащ, щІыналъэм и художественнэ самодеятельнэ гуп нэхъыфІхэм зыкъагъэзыгъуащ.

Спорт зэхьэзэхуэхэри гукъинэжу щытащ.

ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 71-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ, Шэджэм къалэм Спортымкіэ и унэм сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ лъэпкъ бэнэкІэмкІэ щызэпрагъэуащ. Абы спортсмен 30-м щІигъу хэтащ. ЩІыбэнэ хьэпІагъым щытекІуахэм кубокхэр, медалхэмрэ саугьэт лъапІэхэмрэ иратащ.

ТекІуэныгъэм и махуэм ирихьэлІэу, Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ ТекІушэ Артур, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Іэм и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, районым щІыпІэ самоуправленэмкІэ и советым и тхьэмадэ Уэдыжь Хьэсэнэ, кІуажэ унафэщІхэр, республикэм Лэжьыгъэмкіэ, щІыхуэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныгъэ социальнэ дэІепыкъуныгъэмкІэ и министерствэм и лІыкІуэхэр, щІыпІэм щыщ хьэрычэтыщІхэр Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм яхуеблэгъащ. Абыхэм я хъуэхъум якъыгъэщащ псоми ди зэхуэдэ ТекІуэныгъэр къэгъэблагъэным и Іуэхум нэхъыжьхэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащІар, а илъэсхэм лІыгъэрэ хахуагъэрэ кьызэрагъэпэльэгъуар.

КъБР-м и Іэтащхьэм, щІыналъэм и властхэм, жылагъуэхэм я администрацэхэмрэ щІыпІэ хьэрычэтыщІхэмрэ якъабгъэдэкІыу Шэджэм щІыналъэм щыпсэу ветеранипщІым дэтхэнэми сом мин 50-кІэ зыщІагъэкъуащ, хэкІуэда зауэлІхэмрэ дунейм ехыжа ветеранхэмрэ я щхьэгъусэхэми ядэІэпыкъуащ.

Къэралым щынэхъ лъапІэ дыдэ махуэшхуэм ипэ кьихуэу, Шэджэм щІыналъэм и кІуажэ псоми пэкІуэр щрагъэкІуэкІащ, фэеплъэм удз гъэгъахэр щытралъхьащ.

Яныкъуэй кІуажэм ветеранитІ щопсэу. Абыхэм папщІэ «хьтІыгу цІыкІу» яГьэтІысащ. Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм и администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ ТекІуэш Артуррэ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и кІуэдзэ Жанатаев Сэлимрэ а жэрдэмыр даІыбгащ.

ХэкІуэда я кІуажэгъуэм я фэеплъу, щІоуп пщІантІэм туе жыгъщІэу 30 щыхьасащ. А махуэм я гукъэкІыжхэмкІэ къызэхуэсахэм ядэГушащ Сталинград кІалэр, Запорожьер, Молдавиер, Румыниер, Австриер хуит къэзыщІыжахэм яхэта Кучуков МыхьмудрэБерлин нэса Хочуев Магомедрэ.

Совет Союзым и Лыхъужь, кхъухьлъатэзэехэу хахуэ Байсултанов Алим и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

ТекІуэныгъэм и махуэм хуагъэхьэзыра гуфІэгъуэ зэхыхьэм Хэку зауэшхуэм и ветеран, илъэси 103-рэ зи ныбжь Кузшмэн Мэжид хэтащ, къызэхуэсахэм я пащхьэм къыщыпсэлъащ, республикэмрэ къэралымрэ адэкІи мамыру зауэжыну зэригуапэр къыхигъэщри, я тхьдэр яхъумэну, абы иригушхуэну щІалэгъуалэр къыхуриджащ.

Сабий гъэсапІэхэм щыщ цыкІуэхэм, еджакІуэхэмрэ щІыпІэ эстрадэм и артистхэмрэ концерт программэр яГьэдэхащ.

Совет Союзым и Лыхъужь, кхъухьлъатэзэехэу цІэрыІуэ Къуэныкъуэй Назир и илъэсищ юбилейр Лашынкъэй къуажэм щагъэлъэпІащ. Абы и цІэр зезыхьэ курыт школ №1-м ар ягу кьыщагъэкІыжащ, и зауэ гъуэгуанэм щриплъэжащ.

Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1анІэ.

● Іуащхьэмахуэ щІыналъэ

ТекІуэныгъэм и дамыгъэу миным щІигъу ягуэшащ

ТекІуэныгъэ Иным и махуэр щагъэлъапІэм, гъэ къэс ирагъэкІуэкІ «Георгий и лент!» урысейпсо жылагъуэ Іуэхум, илъэс еханэ хъуауэ Іуащхьэмахуэ щІыналъэр хэтщ. Акцэр накъыгъэм и 5-м сыхьэт 13-м ирагъэжьащ. Я1пэщІыкІэ волонтёрхэр Хэку зауэшхуэм хэтахэм я унэ кІуэурэ ТекІуэныгъэм и дамыгъэхэр ираташ, щхьэж и нэгу щІэкІар къыргъэІуэтэжащ.

ИужькІэ КъБР-м и Парламентым деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм, Іуащхьэмахуэ щІыналъэм и щІыпІэ самоуправленэхэм хэтхэр я гъусэу абыхэм Тырныауз къалэ Георгий и лентІыр щагъэшащ.

«КъыдэкІуэтей щІэблэм ди лІыхъужьхэр яцІыхун, дуней мамырым зи псэр щІэзытахэм пщІэ хуащІын хуейщ. Дэ дощІэ а текІуэныгъэр гугъуехькІэ зэрыпсыхьар. Совет цІыхубэм зэрахьа лІыгъэр зэрыщІымыгъупщэм хуэдэу, зауэрэ дигу ихуакъым», - жеІэ Іуащхьэмахуэ щІыналъэм и администрацэм щІалэгъуалэ политикэмкІэ и Іэщ1агъэлІ нэхъыщхьэ, Іуэхум хэта **Малкаров Мурат**.

Акцэр екІуэкІыукІэ Георгий и лентІ миным щІигъу ягуэшащ.

ТАРИМ Алисэ.

● Пашэхэр ягъэлъапІэ

Хьэрычэтым хуэІэижь цІыхубзхэр

Налшык къалэ дэт «Акрополь» щэнхабзэ-зыгъэпсэхупІэ центрым иджыблагъэ щагъэлъапІащ «Урысейм и цІыхубз хьэрычэтыщІэхэм я ассоциацэ» ООО-м (адэкІэ - Ассоциацэ) и проектым хьихьэу къызэрагъэпэща урысейпсо зэпеуэхэм ди республикэм щыщу щытекІуахэр. Пшыхьыр игъэдэхащ КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Темыркъан Пётр зи пашэ «Камерата» ансамблым хэтхэм я зыкъэгъэльэгъуэныгъэм.

ДИ КЪЭРАЛЫМ и къалащхьэ Мэзкуу Къбэрдей-Балъкъэрым и делегацэр зышар Ассоциацэм щІыналъэ зэхуаку, къэрал зэхуаку зэдэлажьэныгъэмкІэ и вице-президент, республикэ къудамэм и унафэщІ Есфэнды Ритэщ. Зэхьыхьэр къыщыдэІуихым, абы и гугъу ищІащ «Урысейм и лэжьакІуэ щІэблэ», «Илъэсым и унафэщІ цІыхубз», «Урысейм и лэжьакІуэ щІыхь», «Илъэсым и унафэщІ нэхъ щІалэ», «Урысейм щІыхь зиІэ и унафэщІ», «Іуэху зехьэкІэм хуэІэзэ», «ХХІ лІэщІыгъуэм и предприятэ нэхъыфІ» урысейпсо зэпеуэхэр Мэзкуу зэрыщагъэкІуэкІа щІыкІэм, ди республикэм икІаехэм абыхэм бжьыпІэр зэрыщІэзыІэрагъэхьам, нэгъуэщІхэми.

Апхуэдэу, «Илъэсым и унафэщІ цІыхубз» цІэр къыхуагъэфащащ:

Іуащхьэмахуэ щІыналъэм хьихьэ Былым къуажэм Ахматовым и цІэр зэрихьэу дэт курыт еджапІэм и директор Атакуевэ Нуржан;

«Космос-Л», «Ридада» ООО-хэм я унафэщІ ЛампІэжь Лерэ;

«Прохладнэ къалэ округым цІыхухэм социальнэ Іуэхутхьабзэхэр зэуІуу щыхуащІэ и центр» ГКУ-м и директор Сасыкъ Надеждэ сымэ.

«Гидрометаллург» ОАО-м и унафэщІ Попов Алексей «Илъэсым и унафэщІ цІыхубз» зыфІаща урысейпсо зэпеуэм щытекІуащ.

Зэхьхьэм къекІуэлІат къэрал властым и лІыкІуэхэри, бизнесым, граждан жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэри. Ахэр тепсэлъыхьащ хьэрычэт Іэнатіэ зезыхьэхэм я жыдэгъагъым нэхъри зегъэужьын, щІыналъэхэр бизнесым зэрыщыдзэдэлажьэм хэгъэхъуэн зэрыхуейм, нэгъуэщІхэми.

Пшыхьым зэрыщагъбзыхуам тету, «Урысейм и цІыхубз хьэрычэтыщІэхэм я ассоциацэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щІыпІэ къудамэмрэ «Физкультурэ. Узыншагъэ. Спорт» щІыналъэ зэхуаку фондымрэ зэрызэдэлажьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэ зэращІылІащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Сурэтхэр **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

Я Іэзагъыр ягъэлъагъуэ

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм щекІуэкІащ Іэщэ гъэуэныкІэ зэпеуэ. Абы хэтащ министерствэм и къудамэ зэмылІэужьыгъуэхэм щылажьэхэм ящыщу 100-м щІигъу.

Іэщэм нэхъ хуэІэкІуэлъакІуэу къыщІэкІащ икІи зэпеуэм бжьыпІэр щиубыдащ КъБР-м щыІэ МВД-м и СОБР-м. ЕтІуанэ увыпІэр къихьащ УВО-м и гупым, ОМОН-р ещанэ хъуащ.

ТекІуэхэм ираташ дипломхэмрэ кубокхэмрэ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1анІэ.

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 14, *щэбэт*

♦**Къуалэбзухэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Астрономием и дунейпсо махуэщ**
♦**Хьэлэлу сату щІыным и дунейпсо махуэщ**
♦**1692 гъэм** яп3 урыс дзэ кхъухьыр псым трагъэхьащ.
♦**1796 гъэм** инджылыз еджагъэшхуэ Дженнер Эдвард яп3у фэрэкІ хилъхьащ.
♦**1900 гъэм** Франджым и къалащхьэ Париж кьыщызэІуахащ II гъэмахуэ Олимп джэгухэр.
♦**1955 гъэм** Албанием, Болгарием, ГДР-м, Венгрием, Польшэм, Румынием, СССР-м, Чехословакием я лІыкІуэхэм зэращІылІащ зэныбжьэгъуныр, зэдэлажьэныкъо зыхъщІэгъэкъуэныгъэм я1уа Варшавэ зэгурыІуэныгъэр.
♦**1995 гъэм** Беларусь Республикэм щекІуэкІащ яп3 цІыхубэ референдум. Абы илкъ иткІэ къащтауэ щытащ къэралым и ныпымрэ гербымрэ.
♦**2005 гъэм** дунейм щыяп3у вертолёт тетІысхьащ ЩІы хъурейм и къурш нэхъ лъагэ дыдэ Эверест и щыгум. Ар зыхуэзэфІэкІар франджы кхъухьлъатэзехуэ Дельсал Дидьещ.
♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Тау Пщыкъан** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
♦Къэрал кІулыкъущІэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, Абхъаз Республикэм и яп3 президенту щыта **Ардзинбэ Владислав** къызэралъхурэ илъэс 71-рэ ирокъу.
♦Композитор, музыковед **Блай Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Урысей банкхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Тосунян Гарегин** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 23-рэ, жэщым градус 13 - 16 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 15, *тхьэмахуэ*

♦**Унагъуэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Климатым и дунейпсо махуэщ**
♦**СПИД уэыфэм илыкІахэм я фэеплъ махуэщ**
♦**Адыгэ Республикэм щагъэлъапІэ Унагъуэм и махуэр**
♦**Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм щагъэлъапІэ Осетиныбзэмрэ литературэмрэ я махуэр**
♦**Белоруссием щагъэлъапІэ Унагъуэм и махуэр**
♦**1935 гъэм** Москва и метром и «Сокольники» - «Парк культуры» линэм яп3 мафІэгу ирикІуащ.
♦**1942 гъэм** 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъ шу дивизэр зауэм кІуащ.
♦**1945 гъэм** Югославием и дзэм иухащ къэралыр фашист зэрыпхъуакІуэхэм я къаІэщІэгъэкІыжьи.
♦**1955 гъэм** СССР-м, Инджылызым, Франджым, США-м, Австриием Венэ Іэ щытрадзащ Австриием и къэралыгъуэр зэфІэгъэувэжьыным, ар демократие хабзэхэм тет къэралу зэрыщытынум теухуа зэгурыІуэныгъэм.
♦**1965 гъэм** СССР-м къыщызэрагъэпэщащ ЩІэныгъэхэмкІэ академием Хьэрш къэхутэныгъэхэмкІэ и институтыр.
♦Роман цІэрыІуэ куэд зи къалэмыпэм къыщІэкІа урыс тхакІуэ, драматург, режиссёр **Булгаков Михаил** къызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу.
♦Шэрджэс тхакІуэ **Темыр Сэлихь** къызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.
♦Режиссёр, УФ-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Адыгэ Республикэм и цІыхубэ артист **Іэхъуэджакіуэ Мэжид** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.
♦Драматург, КъБР-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Акъсырэ Залымхан** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.
♦ТхакІуэ, драматург, КъБР-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Дудар Хьэутий** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.
♦Урысей композитор, Совет Союзым и цІыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугьэтым и лауреат **Эшпай Андрей** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.
♦КъБР-м и цІыхубэ артист, режиссёр **Шэрыпіужь Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.
♦ТхакІуэ, журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщІу илъэс куэдкІэ лэжьа **Къамбий Зуфар** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.
♦УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Светличная Светланэ** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.
♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, РАЕН-ми ЩІДАА-ми я академик, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр центрым и тхьэмадэ **Иуан Пётр** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **ДыщэкІ Артур** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 26-рэ, жэщым градус 15 - 18 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 16, *блыщхьэ*

♦**Ставрополь крайм и махуэщ**
♦**Биографэм я махуэщ**
♦**1881 гъэм** Германием и къалащхьэ Берлин дунейм щыяп3у щаутІыпщащ трамвай зрикІуэ гъущІ гъуэгур.
♦**1924 гъэм** СССР-м къыщыдэкІащ «Мурзилка» сабий журналым и яп3 номерыр.
♦**1954 гъэм** Налшык къыщызэІуахащ украин тхакІуэ **Вовчок Марко** и фэеплъ.
♦**1960 гъэм** США-м щыщ физик **Мейман Теодор** дунейм щыяп3у лазер ищІащ.
♦Адыгэ тхыдэдж, этнограф, тхакІуэ **Хъан-Джэрий Сулътіан** къызэралъхурэ илъэс 208-рэ ирокъу.
♦Адыгэ уэзщІакІуэ, щІэныгъэлІ **Хьэтіохъущокъуэ Къазий** къызэралъхурэ илъэси 175-рэ ирокъу.
♦Урысей кхъухьлъатэзехэу, Совет Союзым и Лыхъужь **Маресьев Алексей** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.
♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Щхьэгъэпсо Таужан** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.
♦Къэрал лэжьакІуэ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, РАЕН-м и академик, КъБР-м щІыхь зиІэ и экономист **Къалэ Замир** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.
♦Уэчыл, КъБР-м щІыхь зиІэ и юрист **Бэрокъуэ Хьэсэн-Алий** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 19, жэщым градуси 10 - 13 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

УкІытэмрэ нэхъуеймрэ цІыхугъэм и дамыгъэщ.

● Щыгъуэ псалъэ

Ди гум зэи уихункъым

«Адыгэ псалъэ» газетым щылажьэхэм фІыуэ тлъагъу цІыху тхэщІащ. Дыгъуасэ дунейм ехыжащ Гъурыжь Мадинэ Аэрэталий и пхъур.

ЦІЫХУР гуауэкъым къыщІигъэщІыр, зыпэплъэри аракъым, ауэ Іэбапіэншэу укъиГьанэу, ажалыр уи пащхьэ къохутэ, «пасэщ», «цІыхуфІщ», «и псэугъуэщ» жыпІэкІи узэхимыхыу.

ТхьэмахуитІ хуэдейщ ар зэрысымэджар. ЛэжьапІэм къыщызэІыхьэу сымаджэщым яша Мадинэ дыкъигъэщІэхъуну дигу зи къэкІыххэртэкъым - абы игъэщІэхъуа, зи жагъуэ пщІа дунейм теттэкъыми, дыпэплъэрт, «фызгъэгъуэкъ си гугъэщ, къысхуэвгъэгъу» жиІэу кьытхыхьэжыну. Арщхьэкіэ и къарур хурикъуакъым.

Мы гъэм илъэс 30 хьуат Мадинэ лэжьэн зэрыщІидзэрэ. Езым и ныбжьыр илъэс 47-рэт. 1986 гъэм, илъэс 18-м хьыха къудейуэ, курьеру лэжьэн щІидзэри, «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарь Іэнатіэм нэсат. А илъэсхэм, зэрылажьэм хуэдэурэ, абы фІы дыдэу къиуахащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ Ростов экономикэмкІэ и къэрал университетымрэ. Мадинэ къызыгъэфэщащ КъБР-м и дамыгъэ лъапІэхэр. Езыр лэжьакІуэшхуэри, КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ абы и цІэр мызэ-мытІэу къраІуащ, ЩІыхь тхыльхэри кратащ.

Сыту хьэлІэ фІыуэ плъагъу, пщІэ зыхуэпщІ, гупым и Іуэхур зыгъэкІуатэ, щІэныгъэрэ цІыхугъэрэ зыбгъэдэлъ уи лэжьэгъуэ къызэримыгъэзэжьынум уеувэлІэну...

Ди псэм хуэдэу тлъэгъуа, ныбжьэгъу пэжу диІа ди Мадинэ!

Дыпхуэарэзыщ. Ди гум зэи уихункъым.

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэр.

КъБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Іуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги Тау», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэзыт телекомпанием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпанием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» хъыбарегъащІэ агентствэм, «Эльбрус» тхыльэ тедзапІэм, «КъБР-м и цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьыгъэр къыззэгъэпэщ комплекс центр» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм, «Тетраграф» ООО-м и лэжьакІуэхэм гущІыхьэ «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарь **Гъурыжь Мадинэ Аэрэталий и пхъур** игъуэ нэмысу дунейм зэрехьжар икІи абы и Іыхьлъхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогуэзащ.

Республикэ гъэзетэу «Адыгэ макъэм» иредакцие щылажьэхэрэм гуэкІышхэ ащыхъуГь КъэбэртэеБалъкъарым къыщыдэкІырэ гъэзетэу «Адыгэ псалъэм» пшъэдэкІыжь зыхьырэ секретарэу иІэгъэ **Гъурыжь Мадинэ Аэрэталый ыпхъур** зэрэщмы-Іэжьыр ыкІи зидунай зыхъожьыгъэм игупсэхэм, Іоф зыдишагъэхэм афэтхьаусыхэх.

«Черкес хэку» газетым щылажьэхэм гущІыхьэ ин тщыхъущ «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарь, илъэс щэщІкІэ лъэпкъ журналистикэм и гуащІэ хуэзыгъэтІылъа **Гъурыжь Мадинэ Аэрэталий и пхъур** пасэу дунейм зэрехьжар икІи къыдалъхуахэм, Іыхьлъхэм, лъэпкъым дахуощыгъуэ.

● Параплан

Шэджэм аузыр къызэхалъэтыхь

Шэджэм аузым дэт «Шэджэм» пардромым щекІуэкІащ параплан спортымкІэ дунейпсо фестиваль. Ар къызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым авиацэ псынщІэмкІэ и федерацэмрэ «Экстримстиль» компаниемрэ. Фестивалым къыдэкІуэу пилотхэмрэ инструкторхэмрэ папщІэ семинархэмрэ лекцэхэмрэ ирагъэкІуэкІащ.

ДИ КЪЭРАЛЫМ и щыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм къикІауэ Шэджэм аузым щызэхуэсат параплан спортым дихьэх щІыгъу 200-м щІигъу. Фестивалыр къыщызэІуахым кхьрихьэлІащ икІи спортсменхэр жыжьэу лъатэрэ щабэу къэтІысыжьну ехъуэхъащ Урысейм и авиацэ псынщІэ спортымкІэ федерацэ зэгуэтым и вице-президент Казаков Игорь, КъБР-м авиацэ псынщІэмкІэ и федерацэм и Іэтащхьэ Мушкаев Марат, Шэджэм щІыналъэ администрацэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ и къудамэм и унафэщІ КІыщ Мухьэрбий сымэ.

Фестивалым хьыхьэу ягъэльэгъуащ Австриием, Чехием, Корее Ипщэм, Украинэм, Урысей Федерацэм щылажьэ параплан зыщІ Іуэхущ1апІи 9-м я Іэдакъэщ1экІэхэр. Пилотхэмрэ инструкторхэмрэ семинархэр, лекцэхэр ядригъэкІуэкІащ егъэдэжащ, Македонием кьикІа Авиацэ псынщІэмкІэ дунейпсо федерацэм и лІыкІуэм. Спортсменхэм Іэмал ягъуэтащ къызэралъэтыхь Іэмэпсымэщ1эхэр къапщытэну.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Зи псэр Іуэхуфіхэмкіэ псыхьауэ къэгъуэгурыкіуа

Къущхьэ Хъусен Темыркъан и къуэр

1938 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м Бахъсэн щІынальэм хыхьэ Къущпэк (Тыжьей) къуажэм щыщ мэкъумэшыщІэ унагъэушхуэм къышалъхуащ. Курыт еджапІэр фІы дыдэу къиуха нэужь, пхъэІэщкъуэр ІкІыгъащ, шоферу лэжьащ. 1957-1960 гъэхэм комсомол путёвкэкІэ яхэтащ Налшык гидрометаллург заводыр зыухуахэм, 1960 - 1963 гъэхэм дзэм къулыкъу щищІащ.

КЪИГЪЭЗЭЖА нэужь, КъБКъУ-м и мэкъумэш факультетым къыщызэІуаха ветериналмкІэ и къудамэм щІотІысхьэри, «Іэщ дохутыр» Іэщ1агъэр иІэу, 1968 гъэм екъуІэнэигъэкІэ къеух, а кафедрэм егъэджакІуэу къагъэнэж. Егъэджэнигъэ-методикэ, щІэныгъэ-хъхэутэныгъэ лэжьыгъэхэр зэрызэдихьым хуэдэу, диссертацэ етхри, 1974 гъэм пкегъэкІ икІи щІэныгъэхэм я кандидат мэхъу, а илъэсым къыщыщІэдзауэ КъБАМИ-м ветериналмкІэ и кафедрэм и доцентщ. Хъусен и щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэр триухуат «Швиц Іэщ и пльэкъэхэм я пкъэнэльыныэхэмрэ (скелет) я щхьэ лыпІэ налъэхэмрэ я ныбжь елъытауэ зэрызэхъуэжыр» темэм. А Іуэхум пищэри, я теплъэ-щытыкІэрэ я ныбжькІэ зэхэгъэкІауэ, щэрыпІ псэущхьэхэм я жьэкъупщхьэхэр куууэ иджащ икІи 1988 гъэм и доктор диссертацэр екъулІэныгъэкІэ пхигъэкІащ, къыкІэлъыкІуэ илъэсым профессор цІэр къыфІащащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу ветеринар щІэныгъэхэм я доктор ялъэ хъуар Къущхьэ Хъусенщ.

1996 гъэ лъандэрэ щІэныгъэхэмкІэ Петровскэ академием и академикщ. 1988-2000 гъэхэм мэкъумэш академием анатомимкІэ, физиологиемрэ хирургиемкІэ и кафедрэм, 2002 гъэм къыщыщІэдзауэ Іэщ гъэхъуным и биотехникэ лъабжьэхэм я лабораторэм и унафэщІщ.

Къущхьэ Хъусен илъэс 50-м нэскІэ щІэныгъэ-егъэджэныгъэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкІуэкІащ. СССР-мрэ Урысей Федерацэмрэ я ветеринар анатом цІэрыІуэт. Анатомхэм, гистологэмрэ эмбриологхэмрэ я иужьрей союзхэр съездитІым доклад щищІащ, морфологхэм я Урысейпсо съездхэмрэ конгрессхэмрэ я нэхъыбэм хэтащ. Абы и цІэр «ХХ лІэщІыгъуэм морфологием щыпэрытхэр», «Адыгэ щІэнгъуазэ» тхылъхэм хатхащ. Хъусен и лэжьыгъэхэр биологие, мэкъумэш щІэныгъэхэм я хэлъхьэныгъэшхуэщ. Анатомием и мылъку лъабжьэр хъызэгъэпэщыным къаруушхуэ иритащ. Унагъуэ псэущхьэхэм я анатомием теухуа зэрыгъуэзэ, зэреджэ тхылъ куэд игъэхьэзыращ. Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ урыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэм и жьауэм щІэту къыдигъэкІа «Унагъуэ щэрыпІхэмрэ джэдкъазымрэ я анатомием и гурыІуэныгъэ нэхъыщхьэхэр» пособием «Аграрнэ зэреджэ тхылъ нэхъыфІ» 3-нэ Урысейпсо зэпеуэм «Ещанэ нагъыщэм и диплом» къыщыхуагъэфэщащ. Ди хъэралми СНГ-ми абы къыпэхъуи щыІэкъым.

Къущхьэ Хъусен щІэныгъэ-методикэ лэжьыгъи 120-м щИгъу журнал цІэрыІуэхэм къытригъэдзащ, щІэныгъэхэм я кандидатии 5 игъэхьэзыращ. Езыр Іэпщ1эльапщІэти, Іуэхущ1эхэм тегушхуэрт, къигупсыса Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэм папщІэ патенти 4 кратат. Іэщ гъэхъуным и Іэнатіэм Іэмалыщ1эхэр зэрыхищ1ыным жыджэру яужь итт. Абы щхьэкІэ, 1991 гъэм мэкъумэш академием къыщызэрагъэпэщауэ щыта «Внедренец» щІэныгъэ-производственнэ Іэхуущ1апІэ мыиныр ноби мэлажьэ.

И гущІэ хьэлэлым къыпэкІуэу фІыщІэ, щІыхь тхылъхэр, дамыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр, «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр къыхуагъэфэщащ.

2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 16-м Къущхьэ Хъусен дунейм екІужащ.

Студентхэм ящІыгъуу. *1996 гъэ*

Дунейпсо щІэныгъэ конференцым хэтхэм я гъусэу. Карелие, Петрозаводск, Кижи. *1996 гъэ*

Дунейр зыгъэнэхур дыгъэрамэ, ар зэзыгъэзахуэр щІэныгъэрщ

И унагъуэр.

Зи Іуэхущ1афэ дахэкІэ щыгъуэ къэзылэжьым гъащІэм пщІэ лей къыщыгъуэхъэ Къущхьэ Хъусен а пщІэм текІакъым, ери фІыри зэпишэчыфу, жэуаплныгъэм и мыхьэнэр куууэ зыхищІу, абы и лъапІэныгъэхэр игъэнэхъапэу псэуащ. Хэлъа, зэрыхабзэщІэкъум, хьэлщэн дахэм, пщІэ хуумыщІыкІэ Іэмал иІэтэкъым.

ЗЭРЫЗЭЩІЭКЪУАМ, зэрызэпІэзэрытым зымащІэкІэ фІэкІа зымыщІыхуэхэми гу лъатэрт. Псэ къабзэти, и мурадхэр кхъеХуІэрт, и жьІэр яфІэлъапІэт. И акъылри, и гупсысэри зыхуэгъэзар фІы щІэныгъ, щІэблэр гъэсэныгъ, егъэджэныбрати, а псори хьарзынэу кхъехуІэрт. Пэжагъэр апэ изыгъэщ цІыхут, бзэ Іэфіт, кхъзэгъэпэщакІуэ Іэзэт, псэкІи ныбжьэгъуэкІи къулейт.

ПІэщІыгъуэ блэкІам и щэщІ гъэхэм и кІэм дунейм къытехьа, нэгъуэщІ куэдхэми хуэдэу, зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыда, абы и хьэлъэр зи нэгу щІэкІа Хъусен кхъызыхэкІа лъэпкъым и цІэфІ жриІэщащ, и щхьэм хуэфащэ щытхъуи кхъилэжьыкащ. Ар ящыщщ къуэпс узынщэ зыдзахэм, зи псэр Іэхуфіхэмкіэ псыхьауэ зыхуэгъэуагъэным хуэдизщ. ПсэухункІэ и гупсысэр зыхуэгъэпсауэ щытар аращи, абы дыхуэфащэн Тхъэм дищІ.

УЭЩХЪУН Аслъэн,

КъБКъМУ-м ветеринар медицинэмкІэ и кафедрэм и доцент, биологие щІэныгъэхэм я кандидат.

Лэжьыгъэ 120-м щІигъу

Хъусенрэ сэрэ зы курс дыхэсащ. Абы хуэзфІэкІам, зригъэхъулам уримыгушхуэнкІэ Іэмал иІэкъым. Къуажэдэс щІалэ щІыкІуи зиуэщІри, ветеринар щІэныгъэм и дисциплинэ нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщ зым - «Псэущхьэхэм я анатомие»-м и профессор хъуащ. Гуитуеихьэм къапикІуэтакъым - дерсхэм къыщыдэхуэм сом гуэрхэр кьилэжьырт, апхуэдэу факультетым и щІэныгъэ-къэхутакІуэ кружокым жыджэру хэтт.

УНИВЕРСИТЕТЫР кІуэуха нэужь, ассистенту, егъэджакІуэ нэхъыжьу, доцентым и кІалэнхэр ирихьэкІыу ветериналмкІэ кафедрэм щыІащ, анатомиемрэ физиологиемкІэ кафедрэм и лэжьыгъэр пІалъитІкІэ иунэтІащ. 1969 гъэм щІэныгъэ-къэхутэныгъэ Іэхухэм жыджэру зригъащ, профессор Пахоменкэ Ольгэ и нэІэ тету, материал гъэщІэгъуэн куэд зэхуихьэсащ. Абыхэм кууу хэлэжьыхьри, 1974 гъэм и диссертацэр пхигъэкІащ, ветеринар щІэныгъэхэм я кандидат хъуащ.

Къущхьэ Хъусен щІэныгъэ лэжьыгъэу 120-м щИгъу къытригъэдзащ, Щыхьмырзэ Мухьэмэд щІыгъуу «Унагъуэ щэрыпІхэмрэ джэдкъазымрэ я анатомием и гурыІуэныгъэ нэхъыщхьэхэр» зэреджэ тхылъыр къыдигъэкІащ. ЕгъэджакІуэхэмрэ студентхэмрэ папщІэ зэрыгъуазэ пособие куэд игъэхьэзыращ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым ветеринар медицинэмрэ биотехнологиемкІэ и факультетым анатомием и музей ящыщыгъэзэпэщыным къаруушхуэ ирихьэлІащ. Ар студентхэм сэбэпышхуэ яхуохьу.

Къущхьэр лэжьакІуэшхуэт, Іуэхум хуэпэжт. Абы и Іэдакъэщ1экІэхэм щІэупщІэ яІэт, Іэнатіэм ящыщагъэсэбэпырт. Къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм студентхэр дригъэхьэхырт, щІэ куэдым тригъэгушхуэрт. А псор нобэ Іэфіу ягу къабзэкІыж. Езы Хъусен цІыху вэгъэзэгъ, зэщІэкъуат, къыщэрыгуэкІт, хэти хуэгуапэт. И бынхэри хуэфащэу къигъэхъуащ - Аслъэнрэ ФатІимэрэ экономистщ, Бесльэн - юристщ, Иммэ - инженер-технологщ.

Ветеринар медицинэмрэ биотехнологиемкІэ факультетым и лэжьакІуэхэми, абы иригъэджакэми цІыху гъуэзэджэ, щІэныгъэлІ цІэрыІуэ Къущхьэ Хъусен дапщэщи я гум илъынущ.

ПЫЛ Іэуес,

биологие щІэныгъэхэм я доктор, КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым ветеринар медицинэмкІэ и кафедрэм и профессор.

Апхуэдэхэр ящыгъупщэркъым

Студент гъащІэр гуимыхужщ. А илъэсхэр Іэфіу, щІэныгъэуэ дапщэщи кьыдокІуэкІ. Сыщысабий лъандэрэ Іэщ дохутыр Іэщ1агъэм сыдихьэхырт, школым сыщыщІэсми абы сыхуедэжну сыщІэхъуэпсырт.

ИКІИ си мурадыр кьызэхъулІащ - КъБКъУ-м и мэкъумэш факультетым ветеринариемкІэ и къудамэр къэзухащ. Дезыгъэджа щІэныгъэлІхэри зы махуи сщыгъупщІакъым. Абыхэм хэзгъэщъэжхуКІыну сыхуейт еджагъэшхуэ, цІыху гумыэгагъэ, набдзэгубдзапльэ Къущхьэ Хъусен. Іэхущ1эхэм тегушхуэрт, абыхэм дыхигъэгъуазэрт, зымащ1экІи зыщІедгъэжыу идэрэгъэкъым. Псоми гупльитІ къыІуэрыщІырт, Іэщ1агъэм куууэ дыхигъэгъуэзэн щхьэкІэ, и кьару елбэжынутэкъым. И лекцэхэр щІэщ1ыгъуэт, гурыІуэгъуэт, нэрылъагъу пособиехэр ІэкІуэлъакІэкІэ кьыгъэсебэпырт. ТкІийуэ къыпщыхуэми, экзаменхэм деж гуапагъэр кьебэкІырт, дэтхэнэми ди зэфІэкІкІи, ди щІэныгъэр здынэсыр зэкІэлъыхьауэ зригъащ1эрт, жэуапхэм дытригъэгъуэтырт. Зачётхэмрэ экзаменхэмрэ нэхъыфІу зыхуэдгъэхьэзырын папщІэ, музейм дыщигъэлажьэрт. Зэреджэ тхылъхэр, анатомие атласхэр, таблицэхэр тэмэму дгъэтырт. Къущхьэ Хъусен и нэІэ кьыттету, студентхэр дызэдэІэпыкъужьырт, кьыдгурымыІуэр тхузэпкърихырт.

Иригъэджахэм ящыщу кандидат, доктор диссертацэхэр зытхэхэм, пкъызыгъэкІхэм я Іуэхур ядІыгъэрт, ядигъэпсынщІэрт, я екъуІэнныгъэхэм ину иригушхуэрт. А цІыху щ1эджащэм и гулыытэр сэри кьысІэысащ.

ЕгъэджакІуэ, гъэсакІуэ нэсым и шыфэлІыфэ нэхъыфІхэр Къущхьэ Хъусен дэтлъагъурт. Апхуэдэхэр ящыгъупщэркъым.

КЪЭРЭШЕЙ МуІэед,

Ветеринар медицинэмрэ биотехнологиемкІэ факультетым и ветеринар-санитар экспертизэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ, биологие щІэныгъэхэм я доктор.

Къущхьэ Хъусен иригъэджахэм сэри сащыщщ. КъБАМИ-м и зооветеринар факультетым сызэрыщІэтІысхьэу си гум дыхьати, фІыуэ слъагъурт. И лекцэ къеджэкІэм, и зыІыгъыкІэм хуабжьу сыдахьэхырт.

ДЫГЪУАСЭ школым къыщІэкІахэми, дзэ къулыкъым къикІыжауэ еджэным пызыщ1эхэми зэхуэдэу яхузэгуапэт. Унагъуэ псэущхьэхэм я анатомиер дигъэджырти, япэ курсым щегъэжьауэ и дерсхэм седэІуэну сфІэфІт. Щ1эныгъэр псоми зэхуэдэу къызэрамыщтэр къилъытэрти, дэтхэнэми хэхауэ ядэлажьэрт, сыту жьпІэмэ, анатомиер фІыуэ зрамыгъащІэмэ, адрей предметхэр къатехьэлъэнут. Арат а Іуэхум мыхьэнэшхуэ щІритыр, зэман лей щІытригъэкІуадэр. Гъэщ1эгъуэнракъэ, абы и лекцэхэм студентхэр къыкІэрыхуртэкъым, зыщІешІыгъэхэр мащІэ дыдэт.

Институт нэужьым анатомиемрэ физиологиемкІэ кафедрэм ассистенту сригъэблагъэри, кьыхуэсакъащ, педагогикэмрэ психологиемрэ я щ1ахуэм езым и щапхъэкІэ сыхигъэгъуэзащ, егъэджакІуэхэм зэрыдекІуэкІыпхъэм, студентхэм зэрадэлэжьапхъэм сыхуигъэсащ. Псоми яхуэгуапэт. КъызэрысщІыхурэ блэкІа илъэс 30-м кьрибубыдэу и цІэфІ фІэкІа зэхэсхакъым. Ар и щыгъуэм факультетым щыщІэтІысхьар. Жыджэрт, ерыщу еджэрт, къэхутэныгъэхэм дихьэхырти, щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я зэхьэхьэхэм щІэх-щІэхьырэ кьыщыщпсалъэрт, гупсысэ узынщэхэр, Іуэху еплъыкІэщІэхэр кьыбгъэдэкІырт, тхыгъэ купщІафІэхэр кьытригъэдзэрт. Къущхьэхэу хьрІэхэр и кІуэпІэт, абыхэм щаІыгъ Іэщхэм я узынщагъэм кІэлъыпльэрт, хьер нэхъыбэ къапыхьнымкІэ жэрдэмхэр кьыхилъхьэрт, щхъуэ зыхэлъ удзыкьхэр гъэкІуэдыным, щыблэм зыщыхьумэным пыщІа Іуэхуэхэр къИэтырт. Апхуэдэ зэфІэкІхэр и1эу университетыр кьеух, абы къагъэнэжри, егъэдэжныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм жыджэру пещэ, диссертацэ етхри, 1974 гъэм екъуІэныгъэкІэ пхегъэкІ, ветеринар щІэныгъэхэм я кандидат мэхъу.

Тхьэр куэдкІэ хуэупсат, и гур фІым егати, Хъусен и мурадхэр кьехьулІэрт, и акъыл жаныр къэхутэныгъэщІэхэм хуигъэлажьэрт, и щІэныгъэр студентхэм кьахьу къэзыгъэзэжа зауэлІхэм пхъэІэщ1ахьэр щыгъыбыдыжам, Хъусен ящыхьэтест.

Зэманым пасэу псэкІэ балигъ дзхъуати, ери фІыри кьыгурыІуэрт, лэжьыгъэм и Іэфіыр зыхищІэу, щэныфІэу, набдзэгубдзапльэу къэтэджырт. Щ1эныгъэм и насып зэрыхэлъым и нэщэнэу, еджэным хуэнэхъуеиныщэт. Курыт школ нэужьым ВакІуэу, шофёру лэжьащ, Налшык гидрометаллург заводыр зыухуахэм яхэтащ. И пІалъэр къящІысым, Хэку зауэшхуэм хэта и адэм и щапхъэр зэрифащэр игъэлъагъуэу, илъэсищкІэ дзэ кІуныкъур ирихьэкІащ. ИтІанэщ КъБКъУ-м и мэкъумэш факультетым щыщІэтІысхьар. Жыджэрт, ерыщу еджэрт, къэхутэныгъэхэм дихьэхырти, щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я зэхьэхьэхэм щІэх-щІэхьырэ кьыщыщпсалъэрт, гупсысэ узынщэхэр, Іуэху еплъыкІэщІэхэр кьыбгъэдэкІырт, тхыгъэ купщІафІэхэр кьытригъэдзэрт. Къущхьэхэу хьрІэхэр и кІуэпІэт, абыхэм щаІыгъ Іэщхэм я узынщагъэм кІэлъыпльэрт, хьер нэхъыбэ къапыхьнымкІэ жэрдэмхэр кьыхилъхьэрт, щхъуэ зыхэлъ удзыкьхэр гъэкІуэдыным, щыблэм зыщыхьумэным пыщІа Іуэхуэхэр къИэтырт. Апхуэдэ зэфІэкІхэр и1эу университетыр кьеух, абы къагъэнэжри, егъэдэжныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм жыджэру пещэ, диссертацэ етхри, 1974 гъэм екъуІэныгъэкІэ пхегъэкІ, ветеринар щІэныгъэхэм я кандидат мэхъу.

Тхьэр куэдкІэ хуэупсат, и гур фІым егати, Хъусен и мурадхэр кьехьулІэрт, и акъыл жаныр къэхутэныгъэщІэхэм хуигъэлажьэрт, и щІэныгъэр студентхэм

«Украинэм и морфологхэр - мэкъумэш хозяйствэм» япэ республикэ конференцым щыІэу. *Киев къалэ, 1988 гъэ*

Тхыдэм къыхэна щІэныгъэлІ

Профессор Къущхьэ Хъусен щІэныгъэ, егъэджэныгъэ лэжьыгъэхэм ехъулІэныгъэшхуэ щызыІа егъэджакІуэт. Емызэшт, зэфІэкІ бгъэдэлъти, куэдым хунэсырт. Республикэр къызэхикІыхьырт, мэкъумэш Іэнатіэхэм я зооветеринар Іэщ1агъэлІ псоми къацІыхуурт, щІэшхуи къыхуащІырт.

ЕЗЫРИ, зыщымысхьыжу, абыхэм ядэІэпыкъурт, псэущхьэхэм зэрелэзапхъэм, Іэщ1ыр узэкъм зэрыщ1ыхьымапхъэм теухуа чэнджэщ щхьэпэхэр зэрыщІыгъуэ, зэреджэ методикэ тхылъхэр къагъэсэбэпырт икІи хуабжьу сэбэп кахуэхъурт. Къэхутэныгъэхэм куууэ хэти, ар и гъащІэ гъуэсэт, абыи егъэджэныгъэ Іэхуми зыкъриГъэлынутэкъым, езыр угъурлыти, гуапагъэр кьебэкІырт.

Профессор Къущхьэ Хъусен тхэмытыжми, зэи тщыгъупщэркъым. Ди еджапІэ нэхъыщхьэмрэ ветеринар медицинэмкІэ факультетымрэ я тхыдэм ар къыхэнащ щІэныгъэлІ цІэрыІуэу, акъылыфІэу, гуащІафІэу, къэхутэныгъэхэмрэ Іэщ дохутыр Іэзэхэр гъэхьэзырынымрэ зи гъащІэ псор щхьэзыхь хуэзыщІа еджагъэшхуэу. Апхуэдэущ ар зэрытщІыхуу щытари, апхуэдэу ди гум илъынущ.

БИТТИРОВ Анатолэ,

КъБКъМУ-м ветеринар медицинэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ.

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар **ХЬЭЖЫКЪАРЭ Аликщ**.

● Зы уэрэдым и хъыбар

Iэдиихуи и гъыбзэ

Адыгэ уэрэдхэм ди дежь къагъэсащ лIэщIыгъуэ куэдым я хъыбар, къахьэсащ ди лъэпкъым и нэгу щIэкIа тхыдэм и пэжыпIэр. Ахэр дэркIэ щIэлъапIэр ди тхыдэм и хъыбар пэж ди дежь къыззрахьэсам и закъуэкъым, пасэрей адыгэ уэрэдыжьхэр ди лъэпкъым и фэеплъ уахътышэщ.

ГУП-ГУПУРЭ гуэша щхьэкIэ, пасэрей уэрэдыжьхэр я шыфэлыфэкIэ зыщ, дэтхэнэ гупри гъэнщIащ гъащIэмрэ эмаными я пэжыпIэкIэ. Зэрыгуры уэгъуэщи, пасэрей лIыхъужь уэрэдхэм я закъуэкъым адыгэ джэгуакIуэхэм я Iэдакъэ хъыщIэкIар. Ди эманым хъсащ щIыхубз насыпыншэхэм къызэранэкIа гъыбзэ, тхьэусыхафэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Уэрэдыжь нэхъ щIэрыуэхэм ящьыщщ «Iэдиихуи» и гъыбзэр.

АтIэ хэт иуса мыр, сыт хуэдэ гъэм дунейм къытехьа, сыт щхьэусыгъуэ хуэхъуар мы уэрэдыр яусыным?

Уэрэдым и хъыбар зыщIэ къззгъуэтын мурад сиIэу куэдрэ сыплъихъуащ. Ауэ уэрэдыр фIыуэ яльэгъу фIэкIа и хъыбар зы ми щамыщIэм, сэ сыкIуащ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым. Схужьыдэнэкъым абыи и кIэм нэсу си упщIэхэм я жэуап щызгъэтауэ.

Филологие щIэныгъэхэм я кандидат Гъут Iэдэм къызжиIар мыращ: «Илъэс куэдкIэ уэрэдыжьхэм я хъыбар зэхуэхьэсыным зи къару, гуащIэ куэд тезыгъэкIуэда Нало Заури, Шортэн Аскэрбии, Къардэнгъущ Зырамыкуи яIуэтэжу зэхэсхауэ щытащ «Iэдиихуи» и гъыбзэм фIэкIа хъыбар нэс зимыIэ уэрэд дрихьэлIакъым жаIэу. Зытхари щатха гъэри зыми ищIэркъым. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, ар илъэсищэм щIигъуащ».

Ялэ дыдэу адыгэ уэрэдыжьхэр щызэхуэхьэсауэ Мэзкуу 1936 гъэм къыщыдагъэкIауэ щытащ «Кабардинский фольклор» зэхыпхыр. НтIэ, мис абы кIэщI дыдэу итащ зы хъыбар щыIкI.

Фыуэ зэрыльагъуитым я зыр уэркъым къыхэкIат, адрейр лъхужьуэлIти, лъэпкъитIыр зэгурыIуэнкIэ Iэмал зимыIэт. ЛъэпкъитIыр щызэпэувым, зэпсэгъуитым мурад ящI щIэпхъуэну. Дыззгъусэмэ, сыт хуэдэ гугъуехьми дыпэлъэщынщ жыхуаIэу ежьахэм я мурадыр къайхъулIэну иухатэкъыми, щIэщхъу бзаджэр къащыщIащ. Къыщыхъуар, дауи, Къэбэрдейращ, ауэ, мыпхуэдэ къуажэщ жысIэну, хъыбар щыIэкъым. Уэрэдыр щIыхубэм къаIуэтэжауэ араща.

Зэратхыжрэ ар ягъэззщIащ уэрэджыIакIэ куэдым: Ало ЛутIэ, Шыкъ Мухьэмэд, Къуныжь Хьэждал, нэгъуэщIхэми.

Ялэ дыдэу пленкэм тратхэу радиом и дыщэ фондым щыхалъхьар 1950 гъэращ.

* * *

И чэзумэ дыщынэсым, (ар) си Iэдиихуи,
Илъэс пIалъэ къызыботыр, (ар) си Iэдиихуи!
Илъэс пIалъэ пхуэзохьэкIыр, (ар) си Iэдиихуи,
Мазэ пIалъэ къыхогъэкIыр, (ар) си Iэдиихуи!
Мазэ пIалъэр щыпхуэесхьэкIым, (ар) си Iэдиихуи,
Блыщхьэр пIалъэу къызыбот, (ар) си Iэдиихуи.
Блыщхьэ пIалъэр къыщыблагъэм, (ар) си Iэдиихуи,
Шы къарапIэр къыщIызоу, (ар) си Iэдиихуи!
Саур уанэр къыщIызох, (ар) си Iэдиихуи,
Саур уанэр нытызопIэр, (ар) си Iэдиихуи!
Сыношэсри сынидожьр, (ар) си Iэдиихуи,
Сынидожри сыножьэжьр, (ар) си Iэдиихуи!
Фи кузбжэшхуэм изохуIэр, (ар) си Iэдиихуи,
Кузбжэр лъагэми изогъалъэр, (ар) си Iэдиихуи!
Щхьэгъубжэшхуэр къызэIуэдэр, (ар) си Iэдиихуи,
Мы си шыпIэми удызодзэ, (ар) си Iэдиихуи!
Дыныдожри дыножьэжьр, (ар) си Iэдиихуи,
Гъэзгу дымыщIыхумкIэ дунэтIат, (ар) си Iэдиихуи!
Мэз адакъэр къыхолъэтыр, (ар) си Iэдиихуи,
Шыр щIолъэтри усфIеуKIыр, (ар) си Iэдиихуи!
Мы жыгыщхьэм утызолъхьэ, (ар) си Iэдиихуи,
Къуалэбзуэхэм усфIашхьж, (ар) си Iэдиихуи!
Мы жыг пIьабжьэм ущIызолъхьэр, (ар) си Iэдиихуи,
ХъумпIэщIэджжэм усфIашхьж, (ар) си Iэдиихуи!
Си гуфIакIэм удызолъхьэ, (ар) си Iэдиихуи,
Хьэдэ бамэм симыгъакIуэ, (ар) си Iэдиихуи!
Дэ ди унэ усхьынути, (ар) си Iэдиихуи,
Хамэ хьэдэр зехьэгъуейщ, (ар) си Iэдиихуи!
Фэ фи унэ усхьыжьнути, (ар) си Iэдиихуи,
Уи адэ - анэр уи хьэрэмщ, (ар) си Iэдиихуи,
Гъуэлпэ бэни удэслъхьэнут, (ар) си Iэдиихуи,
Гъуэлпэ бэни сэ симыIэ, (ар) си Iэдиихуи!
Дэнэ, дэнэ сэ усхьыну, (ар) си Iэдиихуи?
Дэнэ мыгъуэми усхьыжьну, (ар) си Iэдиихуи?

КIУНТЫШЦ-ХЬЭПЦIЭ Аннэ.

● Шхыныгъуэхэр

«Шэ хуабэ» хьэнтхъупс

Нартыху зэтеуда щIэгъэпщар псы хуабэпцIкIэ щэ-плIэ яльэс. ЗэлащIэурэ щыуаным ит псывзм хакIутэ, тхъурымбэр къытрахыурэ зэ къытрагъэкъуалъэ. ИтIанэ мафIэр щабэ ящI, щыуаныщхьэр трапIэри сыхьэтитлI-сыхьэтитхукIэ, тхъурымбэр къытрахыурэ, ныкъуэвэфI хъуху ягъавэ. А зэманым къриубыдэу псыр щIэвэщIэн хуейщ. ИтIанэ шэ хуабэр щIакIэ, шыгъу хадзэри зэлащIэурэ дакъикъэ 15-20-кIэ ягъавэ. Хьэзыр хъуа хъэнтхъупсыр пэшхьэкубгъум трагъэувэ шыуаныщхьэр тепIауэ. Iэнэм щытрагъэувэкIэ хьэнтхъупсыр зэлащIа, фалъэ куум иракIэ, тхъу гъэткIуа тракIэжри, хуабэу яшх. Зыри дашхырхым.

Пасэ зэманым гъунэгъу нысэм сабий игъутамэ, хьэблэ цIыхубзхэр зэхьыхьэрти екъуэхъурт. Абы хуахь хабзэт щэкI метр, хъыршынипщI, «шэ хуабэ» хьэнхъупс фалъэшхуэ и гъусэу. Пщтыру къракIа хьэнтхъупсыр нысащIэм и деж нахьэсыхукIэ, тIэкIу упщIыIурт. Аращ «шэ хуабэкIэ» щIеджэр. НысащIэр абы етIуанэ, ещанэ махуэхэм ирагъафэрт, быдзыщэ нэхъыфIу иIэнуц жаIэрт.

Халъхьэхэр (цIыхуитху Iыхьэ):
нартыху зэтеудауэ - г 200,
псыуэ - г 4000,
шэ хъашагъащIэу - г 2000,
тхъууэ - г 200,
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

Лэпс зэщIэт, мэлыл, тепхъэ и гъусэу

Абы щхьэкIэ мэлылыр яупщIатэ е зэпауд г 80-100 хьууэ. Псы щIыIэкIэ ятхъэщIри, шыуаным иралъхьэ. Абы псы щIыIэ щIакIэри, мафIэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафIэр щабэ ящI, шыуаныщхьэр трапIэри, лыр ныкъуэвэфI хъуху ягъавэ, зэззмызэ тхъурымбэр къытрахьурэ. ИтIанэ шыгъу хадзэ, зэпэплIмэ цIыкIуурэ упщIэта пхъы, цыбжий дэгу халъхьэ, шыуаныщхьэр трапIэжри, хьэзыр хъуху ягъавэ мафIэ щабэм тету. Хьэзыр хъуа лэпсым бжьын гъэлыбжьа традзэ, джэдгын хаудэри шыуаныщхьэр тепIауэ псынхьэкубгъум деж щагъэт дакъикъитху-хы хуэдизкIэ. Лыр лэпсым къыхахри, пIастэ дашх. Лэпс язам тепхъэ трапхъэри пщтыру ирафэ.

Тепхъэ зэращIыр:
Гъэдз хьэжыгъэ ухуэнщIам и кур хэрэтхури, абы шыгъу зыхэгъэткIуха псы хуабэ, джэдыкIэ уда иракIэ, тхъэвзыр быдэу ящ. Тхьэв пщам и щхьэм хьэжыгъэ трауд-эри дакъикъэ тIощIрэ тхукIэ щагъэт ар нэхъ щабэ хъун щхьэкIэ. Гъэдз хьэжыгъэ зытеуда Iэнэм хьэзыр хъуа тхъэвзыр трапхъэри хупхъэкIэ яху, и Iувагъыр см 1-1,5-рэ хъууэ. А тхъэв хуам тыкъыр щIыкIэу къыпачуэ Iэкlэ хъурей цIыкIу, щIыдэ цIыкIу хуэдизурэ, ягъэджэрэз, я Iэм дагъэ щахуэурэ. Лэкъым зэрагъажьэм хуэдизу тхъэупхъэ хъуху ягъажьэ. ЧымчыркIэ къыхахьыжрэ шынакъым иракIуэтэ.

Лэпс зэщIэтым халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):
мэлылу - г 600,
лыр зэщIэтыным псыуэ - г 1200-рэ,
пхъы укъэбзауэ - г 75-рэ,
шыбжий дэгуу - г 100
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

Тепашхъэр къызыхащIыкIыр:
гъэдз хьэжыгъэу - г 500,
джэдыкIэу - 2,
псыуэ - г 100,
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

Бжьын гъэлыбжьам халъхьэр:
бжьынышхьэу - г 80,
тхъууэ - г 100,
шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Кавказ зауэ: 1763-1864 гъэ.

Адыгэ дзэзешэ цIэрыIуэхэр: Шырыхъукъуэ Дыгъужь, Хьэжыкъуэ Мухьэмэт, Уардзэауэхъуэ Дзэпщ.
Сурэтыр **Белл Джеймс** *ищIащ. 1840 гъэ*

● ФыщIэ

Зи IэщIагъэм къыхуалъхуахэр

Ди анэдзэлъхубзэмкIэ къыдэкI «Адыгэ псалъэ» газетыр къэзгъэсэбэну, фыщIэ ин яхуэсщIыну сыхуейт Налшык и «Дубки» хьэблэм щылажьэ Перинатальнэ центрым и дохутыр IэкIуэлъакIуэхэм.

ЖЫПIэНУРАМЭ, я IэщIагъэм къыхуалъхуа, абыкIэ щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, зэфIэкIышхуэ зиIэ лэжьакIуэхэщ центрым и дохутыр Iэззэхэм, апхуэдэуи центрым щылажьэ медицинэ лэжьакIуэ нэхъыщIэхэми. ЦIыхугъэшхуэ зыхэлъ а лэжьакIуэхэр центрым щIэлъ дэтхэнэ бзылъхугъэми къалъхуагъащIэ сабийхэми ахуэнабдзэгубдзаплъэщ, ахуэгуапэщ.

Зи IэщIагъэм хуэIэижь дохутырхэм дохъуэхъу узынщагъэ быдэ пIэу, насыпрэ гуфIэгъуэрэ щымыщIэу узыхуейр псэуну, псэ хьэлэлу зыпэрыт я лэжьыгъэм дэрэжэгъуэ къахуихьыну, цIыхухэм я арэзыныгъэм гъуэгу къаритыну.

ШОРЭ Жаннэ и унагъуэр.
Урыху къуажэ

● ФщIэн папщIэ

Уасэр къыщежьар

Пасэрей алыдж тхыдэтх Геродот (ди эрэм и пэкIэ 490-425) зэриртыжамкIэ, пасэрей Иллирим (Балканэм щыIа къэралыгъуэщ) хабзэ гъэщIэгъуэн щекIуэкIырт. Зи дэкIуэгъуэ хъуа хъыджэбзхэр ящэхурт. Абдежым уасэр къыщежьауэ хуагъэфащэ.

* * *

Дыгъэм и радиусыр ЩIым ейм нэхърэ хуэди 109-кIэ, и щхьэфэр ЩIым нэхърэ хуэдэ 1.300.000-кIэ, и хьэлъагъыр - хуэдэ мин 330-кIэ нэхъ инщ. Дыгъэм и хьэлъагъыр абы и хъуреягъыр къэзылъэтыхь планети 9-м я хьэлъагъым нэхърэ хуэдэ 750-кIэ нэхъыбщ. Ар нэхъ тэмэму къыбгурыIуэн щхьэкIэ, мыпхуэдэ щапхъи къэтхъ хъунущ. Зы хъарбызышхуэрэ хугу хьэдэз цIыкIуэр зэбгъэдэплъхьэмэ, сыт хуэдэу зэхуэхъэурэ? Апхуэдэщ Дыгъэмрэ ЩIымрэ.

* * *

Ялэ спутникыр СССР-м 1957 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м иутIыпщащ. Спутник Iэрыщ нэхьыбэ дыдэ щагутIыпщар «Плесецк» космодромыращ - спутник 1.452-рэ. ЕтIуанэ увыпIэр абыкIэ зыIыгъыр Байконурщ - 1.031-рэ, ещанэр - Канавералщ (США) - 590-рэ.

* * *

Тхьэгурымагъуэ Уэллс къигупсыса и романхэм къыщиIэльэгъуат: Iэщэ папщIэу лазер къызэрагупсысынур (1889 гъэм), видеомагнитофон зэрызэпкъралъхьэнур (1899 гъэм), (автомобилхэр уэрамхэм дэмыхуэж зэрыхъунур (1901 гъэм), зауэхэм танкхэр куэду къыщагъэсэбэпу зэрыхуежьэнур (1903 гъэм), атомнэ Iэщэ шынагъуэр къызэрагупсысынур (1914 гъэм).

* * *

Сату нэхъыбэ зыщI къэралхэм щыпашэщ США-р. Абы зы илъэсым кIуриубыдэу нэгъуэщI къэралхэм доллар мелард 688,7-рэ и уасэ сату ядещI. Ар дунейпсо сатуи и процент 12,6-рэ мэхъу. ЕтIуанэ увыпIэм щытщ Германиер - доллар мелард 511,7-рэ (9,4%). Абыхэм якIэлъокIуэ Франджыр - млд. 489-рэ, Япониер - млд. 421-рэ, Инджылызыр - млд. 282-рэ. Урысей Федерацэм и сатур доллар мелард 66-м зэрящыхьэдэх щыIэкъым. Дунейм сату щыщIэныкIэ дяпэ къэрал 19 итщ.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

● Чэнджэщхэр

Гур тэмэму егъэлажьэ

Нэхэм фIыуэ ялъагъуным, тхьэкIумэхэм нэхъыфIу зэхахьным я сэбэщ роз плъыжьым и тхьэмпэхэр зыхэлъ шейр (шейдэзыр щызэхэфщIэкIа, зы тхьэмпэ-тхьэмпитI хэфIыхьэ). Апхуэдэуи абы гури фIыуэ егъэлажьэ. Ар псом хуэмыдэу яхуэщхьэпэнщ зи ныбжь хэкIуэтахэм.

* * *

Гъуэжьудзыр (мэкъушейкIи йоджэ) (зеробой) витаминхэмкIэ, минералхэмкIэ щыпкIи. Еджагъэшхуэхэм зэрыжаIэмкIэ, ар узыфэ 99-м я хущхъуэщ, псом хуэмыдэу лъатэм, кIэтIийхэм, тхьэмщIыгъум. Абы ныбажэри псынщIэу егъэувыIэ. Щхьэхуэу зэпхьэлIэми, шейм хэту уефэми хъунущ. Бжэмышхьшхуэу тIу псы къэкIуалъэ стэканым хэлъхьи сыхьэтитI хуэдизкIэ щыгъэт, итIанэ Iыхьищ щыкIыауэ махуэм щэ ефэ, узыр пщхьэщихьынущ. ЗэкIэ мыхъумэ, махуэ зыбжанэкIэ къытегъэзэж. Шейуэ уефэнымэ, шей удзым и гъусэу зы бжэмыш хэдзэ, къыщIихьа нэужь ефэ. Абыи махуэ зыбжанэкIэ уефэ хъунущ. Ауэ евмыгъэлей.



Псалъэзэблэдз

Екlуэкlыу: **5.** Къардэн Къубатий и шынэхъыщIэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь Къардэн ... **7.** ХымпIэцIэдж Iуащхьэ. **8.** Къалмыкъ ... е къэрэкъурэ ... **9.** Дин лэжьакIуэ, хеящIэ. **10.** « .. бэлътокур уей, жи, уей, Iэгум иокIуадэ, уей, жи, уей ...» - Къашыргъэ Биларэ Щоджэнщыкlу Нурийрэ яуса уэрэд цIэрыIуэм щыщщ. **11.** Адыгэм къахэкIа усакIуэ нэхъ Iэзэ дыдэхэм хабжэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ. **12.** Щтрыгъу. **15.** Iэпкlэлъэпкъ зэкIужь зиIэ щIалэ хьэкIфIэ. **17.** Пщащэ тхьэIухудым щIалэхэр ... кьищIат. **20.** Нэхъыжь тIысысIэ. **21.** Джэдкъаз. **24.** Сталиным нэхъ и гъунэгъу дыдэхэм ящыщ зыуэ щыта къэрал лэжьакIуэ, СССР-м и Министрхэм я Совет и УнафэщI къулыкIуэр зауэм ипэкIэ зи пщэ дэлъа. **32.** Къалэм, псым, районым зэрахьэ цIэ. **33.** НэкIум, щыIфэм иIэ зэрыгъэ. **34.** Хьэхэм яхищIэ хьэпIащIэ. **35.** ТхъуцIынэ щIэпхъумэ къанэ псыр. **36.** Цы закъуэ. **37.** Адыгэ шхыныгъуэ ираф. **40.** НэгъуэщIхэр зэзымыпэс цIыху. **41.** Азием щыщ мусульманым къэралышхуэ. **43.** Пасэрей адыгэ зауэлI джанэ. **44.** Гъавэм хищIэ, хадзэкъм къикIэ удз щхьэ гъуэжь. **45.** ХадзэкъкI.

Къехыу: **1.** Псы Iуфэ лъагэ, бжьэпэ, щыхупIэ. **2.** Пасэрей фоч. **3.** Жэмхэр зрагъафэ «пивэ». **4.** Гъэмахуэм - гу, щIымахуэм - ... щIы. **6.** Лъаухъстэн вакъэ пIащIэ. **13.** ЦIыхубзхэм (цIыхухъу куэдми) къызэдрахьэкI хьэпшып цIыкIу. **14.** КъэгъэшыгъуафIэ. **15.** Набдзэ ... **16.** Зи кIапэ лъэныкъуэм фIэгъэнапIэ иIэ бжэгъу кIыхь. **17.** ... и губжь кхъуэм щехьэ. **18.** Жыг лъагэшхуэ. **19.** ... псы кIэрыпщIэрэ? **22.** Iуэху мыблэ ... хэсщ. **23.** КIыщокъуэ Алим и роман «Нал ... ». **25.** Къамылым кIыхьащIкI алэрыбгъу, лъэгурыдз. **26.** Бжэныфэм кIыхьах Iуданэ. **27.** Лы лей зытелъ щIыху. **28.** ЩIы кIыуда. **29.** Пасэрей Iэщэ зэрыпыдджэ. **30.** Махъсымэ зэрытам и лъащIэм кIыщIэнэ щIэтIысыкI. **31.** Школ щIэтIысхьэжьыгъуэм еджакIуэм куэду къыхуащIху тетрадь, ручкэ, ... **37.** Нартыху гъэлыгъуэ хьэжыгъэ. **38.** КъуакIэбгыкIэ здэщыщыIэ щIыналъэ сэтей. **39.** Адыгэ театрым и джэгуакIуэ Iэзэу щыта, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артисткъ ... Быхуэ. **40.** Щэхуу шы, былым езыхужьахэм якIэлъыщIэпхъуэ гуп. **42.** Зи кIуэцIыр нэщI, купщIэ зэрымылъ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Накъыгъэм и 7-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екlуэкlыу: **3.** Псым. **5.** Къарэ. **6.** Къумахуэ. **8.** Щам. **9.** Бжьыхьэ. **11.** Сэ. **14.** Хур. **15.** Пкъо. **16.** Хьэрэ. **17.** Лэгъуп. **19.** Гъэш. **21.** Тут. **22.** Шыд. **23.** Кърым. **24.** Убых. **25.** Шху. **26.** Ер. **31.** Узчыл. **32.** Жин. **33.** Сыхьэт. **34.** КIэбгъу. **35.** Нысэ.

Къехыу: **1.** Аслъэн. **2.** Курыбз. **4.** Мащэ. **5.** Къамэ. **7.** Мысостышхуэ. **10.** Хьэргъэшыргъэ. **12.** Зратым. **13.** Къэдабэ. **15.** Пэт. **16.** Хьэлъкъ. **18.** Пхъэх. **20.** Шэд. **27.** Елгъэр. **28.** Бжэгъу. **29.** Къунан. **30.** Псысэ.

● Адыгэ псалъэжьхэр

Дыжэф пцIанэ хъуркъым

♦Гъэмахуэм Iэжьэ щIыи, щIымахуэм гу щIы.
♦Жьыр и гупэу мэпсэу.
♦Зэрабзэр иIэ щхьэкIэ, кърабзэ иIэ-къым.
♦ГъэфIым умыгъуэта гъейм бгъуэтыжыркъым.
♦Дыжэф пцIанэ хъуркъым.
♦Зэрыгъэпщыркъым, зэрыгъатхъэркъым.
♦Дыщэр и Iэм къыпощ.
♦IэщIагъэ зиIэ Iэужь иIэщ.
♦Дзэгъуэ пэтрэ щIымахуэм хуогъэтIылъэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэкlэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщlэлыдэжь Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэцэмыщlэ Иэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэкIыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхуэ IапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хьэбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм нэху жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ●
Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхуэщ IапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня,** *редактору* **Жылаэ Заурбэч,** корректорхэу **Афэ Тамарэ** *(1, 4-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дзэныкъуэгъу* **Нэужокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепIэгъэ ящIащ* **Дол Маринэ, Быр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ, Мэфбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 5.126 ● Заказ №623